


Ni ubuhe?

Imiti iriho kugira igufashe kurwanya ubwandu bwa COVID-19 harimwo ibinini birwanya umugera. Ubu buvuzi bushobora kuguma bugufasha kutarwara indwara zikomeye zituma uryama mu bitaro, ariko butegerezwa gutangwa vuba cane hashoboka inyuma yaho ibimenyetso bitanguriye. Kwicandagisha iracari inzira nziza yo kwirinda COVID-19.



Birashobora kumfasha?

Ushobora kuba ukwije ibisabwa kuri ubu buvuzi nimba wasanze waranduye COVID-19, ufise ivyago vyinshi vyo kurwara indwara ikomeye, kandi ibimenyetso vyatanguye ejo bundi. Abana bakwije iminsi 28 kandi bafise ivyago vyinshi vyo kwandura indwara zikomeye nibo bashobora gusabwa kugira baronke ubuvuzi. Vugana n'umuganga kugira arabe ko iyi miti ari myiza kandi ari ngirakamaro ku mwana wawe.

Ni ryari ntegerezwa kwivuza?

Iyi miti ikora neza nimba utanguye kuyifata kare inyuma yo gutangura kwumva urwaye. Urakeneye gutangura gufata ibinini birwanya umugera mu minsi 5 ya mbere y'ibimenyetso. Birakenewe kwipimisha COVID-19 ubwonyene nimba ufise ibimenyetso kugira ushobore kuronka no gufata uwu muti. Rondera aho bapimira hakwegereye kuri <https://coronavirus.utah.gov/testing-and-treatment>.



Butangwa gute?

Ibinini birwanya umugera uvyandikirwa na muganga kandi bifatirwa i muhira incuro 2 ku munsu mu minsi 5. Ababifitiye uruhusha bonyene, abatangabufasha bashobora kwandika urwandiko rw'imiti ivura umugera.

Yoba yizewe?

Iyi miti yahawe uruhusha rwo gukora n'urwego rw'igihugu rujejwe imiti (FDA), kandi yagaragaye mu magerageza yo mu bitaro ko yizewe kandi ikora neza. Imiti yose hamwe n'ubuvuzi bukoresha imiti birafise ingaruka. Vugana n'umuganga canke umutangabufasha mu vy'ubuvuzi aguha iyi miti nimba ufise ubwoba ku ngaruka hamwe n'ivyo wokwitega.



Ni hehe noyironka? Umutangabufasha wawe wa mbere, ibiro vy'abaganga, ibitaro bikora ivyihuse, ibitaro, n'inzu zidadanza imiti mu gihugu bashobora kuguha iyi miti. Vugana n'umuganga kugira urabe nimba imiti imeze neza kuri wewe. Ushobora kuriha amahera canke ukerekana ubwishingizi bwawe kugira uronke ubu buvuzi.

Ja kuri coronavirus.utah.gov/treatments canke uhamagare igisata kijejwe amagara y'abantu na serivise z'abantu kuri 385-273-7878 kugira uronke urutonde rw'ibibanza ushobora kuronkeramwo ubu buvuzi.